

Pou 2026, Children's System of Care (CSOC) pral bay timoun, jèn ak jèn adilt ki poko gen 21 lane e ki kalifye yo sèvis kan dete. Sèvis sa yo gen ladan yo yon sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a ak sèvis èd pèsonèl pou kan dete a. CSOC dwe detèmine pitit ou a kalifye pou jwenn sèvis pou moun ki gen andikap devlòpmantal epi pitit ou a dwe anrejistre pou yon kan ki kalifye anvan ou voye aplikasyon pou sèvis kan dete CSOC a.

Departman Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families, DCF) ak CSOC ap ofri yon sèvis siplémentè ki rele sesyon Iwazi altènatif (Alternative Recreational Sessions, ARS) ak kan dete yo. ARS yo bay jèn yo posiblite pou yo patisipe nan yon seri Iwazi ak kamarad yo nan kominate a pandan kèk sesyon olye yo pase tout jounen yo nan yon kan dete. Etandone sesyon sa yo pi kout, yo kapab pi itil pase jounen konplè nan kan dete yo pou jèn ki t ap jwenn plis byenfè si yo patisipe nan aktivite sa yo pandan yon ti peryòd kout ki estriktire.

Pou aplike pou ARS yo, tanpri ranpli fòm aplikasyon papye pou sèvis kan dete CSOC a.

Si kan ki kalifye a detèmine pitit ou a pral bezwen asistans nan men yon èd/defansè pèsonèl pou patisipe nan kan an, ou ta dwe kontakte ajans ki pral voye èd pèsonèl la tou pou verifye ajans ou te chwazi a kapab satisfè demann ou fè a. W ap jwenn lis kan ki kalifye ak ajans ki voye èd pèsonèl CSOC apwouve yo sou: <http://www.performcarenj.org/summercamp>.

Pati A — Sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a

Menm jan ak tout sèvis CSOC bay yo, sèvis kan dete yo depann de resous ki disponib yo pandan chak ane fiskal.

Genyen yon montan ki limite pou sipò finansye ki disponib pou chak jèn pou kan dete yo.

Epitou, sipò finansye a gendwa diferan chak ane epi li ka varye selon kantite fanmi ki aplike yo.

Sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete a se ta dwe yon resous ou itilize lè ou pa gen lòt chwa. Nou ankouraje fanmi yo ak moun k ap pran swen timoun yo pou yo chèche yon èd pou peye ekolaj la yon lòt kote, pa egzanp nan depatman Iwazi lokal yo a oswa nan gwoup sivil lokal yo, epi pou yo mande òganizasyon ki bay sèvis kan dete yo si yo gen bous ki disponib.

CSOC pral bay sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a sèlman pou kan ki nan lis kan ki kalifye yo.

Etandone sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete a pa garanti, fanmi yo/moun k ap pran swen timoun yo ta dwe mande tèt yo si yo kapab peye montan ki rete a apre limit ekolaj CSOC ka peye a fini. Se fanmi yo/moun k ap pran swen timoun yo ki responsab pou peye pou ekolaj ki rete a pou kan dete a apre CSOC fin bay tout sipò finansye li kapab bay la. CSOC pa p peye pou okenn sèvis kan oswa sèvis èd pèsonèl jèn nan pa t jwenn poutèt li te absan. Paran yo ta dwe mande kan CSOC yo chwazi a ki règleman yo genyen pou jere absans jèn yo.

K. Èske genyen yon dat limit pou aplike pou sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a?

Wi. Se pou ou ranpli epi tenbre aplikasyon w lan oswa se pou nou resevwa li nan dat 30 jen 2026 pou pi ta pou nou ka anvizaje ba w yon sipò finansye. Nou pa p aksepte okenn aplikasyon apre dat limit 30 jen an.

K. Kiyès ki kalifye pou jwenn sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete a?

Yon jèn vin kalifye pou jwenn sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete a si:

- Jèn nan kalifye pou sèvis pou moun ki gen andikap devlòpmantal CSOC (developmental disability, DD).**
- Jèn nan poko gen 21 lane epi li pa p vin gen 21 lane anvan fen dat kan ki chwazi yo pou ranbousman an.
- Jèn nan rete lakay li ak yon moun ki pran swen li.

Jèn nan kalifye pou sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete a sèlmandan pandan peryòd tan kote li pa kalifye pou li patisipe nan yon pwogram ane eskolè pwolonje.

K. Kiyès ki pa kalifye pou resevwa sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete a?

Jèn ki rete nan rezidans swen kominotè yo oswa nan lòt etablisman tretman deyò lakay yo pa kalifye pou sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete a.

Sa gen ladan I, san limite, jèn ki rete nan mezon tretman, nan mezon espesyalize, nan mezon devlòpman konpetans, nan mezon kolektif, nan sant tretman rezidansyèl ak nan mezon kominotè sikyatrik.

K. Konbyen kòb ki disponib pou sipò finansye pou kan an?

An 2026, pou kan dete yo, sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete yo koresponn ak **kòn kan an mande a**, men li pa p depase:

- **\$128.57 pa jou** pou **yon kan kote moun pase lajounen sèlman** (pou yon **maksimòm 10 jou**)
- **\$213.76 pa jou** pou **yon kan kote moun dòmi lannuit** (pou yon **maksimòm 6 nuit**)
- **\$64.28 pa sesyon** pou **ARS** (pou yon **maksimòm 20 sesyon, depi chak sesyon gen yon minimòm 2 èdtan**)
- **\$128.57 pa jou** pou **kan kote moun pase lajounen sèlman** ak **\$64.28 pa sesyon** pou **ARS** (pou yon **maksimòm 5 jou kan kote moun pase lajounen sèlman ak 10 sesyon ARS**)

Sipò finansye a disponib pou kan ki kalifye yo sèlman. CSOC pral peye kan yo dirèkteman. Kanp yo pral touche kòb la apre peryòd jèn nan pase nan kan an fini.

Byenke pitit ou a kapab rete nan kan an pou plis tan pase sa ki endike anwo a, sipò finansye a disponib sèlman pou peryòd sa yo epi li pa p depase limit ki fikse anwo yo. **Se fanmi yo/moun k ap pran swen timoun yo ki responsab pou peye pou ekolaj ki rete a pou kan dete a apre CSOC fin bay tout sipò finansye li kapab bay la.**

Pa egzanp:

- Jèn A patisipe nan yon kan pou moun pase lajounen sèlman pandan 5 jou, lèfini kan an koute \$50 pa jou. Kan an pral resevwa montan **total ki sipoze peye a, sètadi \$250 (5 jou X \$50)**.
- Jèn B patisipe nan yon kan pou moun pase lajounen sèlman pandan 15 jou, lèfini kan an koute \$100 pa jou (\$1,500 otatal). Kan an pral resevwa \$1,285.70 (10 jou X \$128.57) kòm ranbousman. **Fanmi an/Moun k ap pran swen timoun nan ap responsab pou peye kòb ki rete a, sètadi \$214.30**.
- Jèn C patisipe nan yon kan pou moun dòmi lannuit pandan 8 jou, lèfini kan an koute \$200 pa nuit (\$1,600 otatal). Kan an pral resevwa \$1,282.56 (6 nuit X \$213.76) kòm ranbousman. **Fanmi an/Moun k ap pran swen timoun nan ap responsab pou peye kòb ki rete a, sètadi \$317.44**.
- Jèn D asiste 28 sesyon ARS, lèfini chak sesyon koute \$50 (\$1,400 otatal). Kan an pral resevwa \$1,285.60 (20 sesyon X \$64.28) kòm ranbousman. **Fanmi an/Moun k ap pran swen timoun nan ap responsab pou peye kòb ki rete a, sètadi \$114.40**.
- Jèn E patisipe nan yon kan ibrid pandan 8 jou (kan an koute \$100 pa jou/\$800 otatal) epi li patisipe nan 14 sesyon ARS (chak sesyon koute \$50/\$700 otatal). Montan total la pou kan pou moun pase lajounen sèlman an ak ARS yo se \$1,500. Kan an pral resevwa \$1,285.65 sèlman (maksimòm 5 jou kan kote moun pase lajounen sèlman x \$128.57 = \$642.85; maksimòm 10 sesyon ARS x \$64.28 = \$642.80) kòm ranbousman. **Fanmi an/Moun k ap pran swen timoun nan ap responsab pou peye kòb ki rete a, sètadi \$214.35**.

K. Kijan pou m aplike pou sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a?

Fanmi yo kapab aplike pou sipò finansye a sou Entènèt oswa sou yon fòm papye.

Fanmi an oswa moun k ap pran swen timoun nan dwe anrejistre jèn nan nan kan CSOC ki kalifye a anvan li kòmanse ranpli aplikasyon pou sèvis kan dete CSOC a (Pati A — Sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a). CSOC dwe detèmine pitit ou a ta kalifye pou l'jwenn sèvis pou moun ki gen andikap devlòpmantal epi kan ou chwazi a dwe sou lis kan CSOC ki kalifye yo.

Aplikasyon sou papye

Fanmi an oswa moun k ap pran swen timoun nan dwe bay PerformCare dokiman sa yo:

- **Aplikasyon sou papye pou sèvis kan dete sou fòma papye, pati A — Sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a pou 2026 (voye I pa lapòs bay PerformCare).** Aplikasyon sou papye a disponib isit: <http://www.performcarenj.org/summercamp>.
- Voye yon kopi lèt anrejistreman an oswa lèt akseptasyon an ki soti nan kan ki kalifye a ansanm avèk aplikasyon w lan.

Aplikasyon sou Entènèt

Si ptit ou a gentan anrejistre ak PerformCare epi li gen yon n° idantifikasyon CYBER, ou kapab aplike sou Entènèt pa mwayen yon aplikasyon elektwonik sou pòtay pou fanmi yo ki sou sit Entènèt PerformCare a:

<http://www.performcarenj.org/summercamp>.

Nòt: Si w pa konnen n° idantifikasyon CYBER ptit ou a, tanpri kontakte PerformCare nan **1-877-652-7624**.

Tanpri suiv enstriksyon ki nan pòtay la pou voye aplikasyon w lan. Veye pou kliye sou Voye lè ou rive nan fen aplikasyon an pou finalize aplikasyon an pou nou ka trete li. Se pou ou voye aplikasyon w lan nan dat 30 jen 2026 pou pi ta.

Nou pa p aksepte okenn aplikasyon nan faks oswa nan imèl. Nou pa p apwouve okenn aplikasyon ki manke enfòmasyon pou sèvis ou mande yo.

Yon fwa nou resevwa enfòmasyon nou bezwen yo, n ap trete aplikasyon w lan apre nou fin trete lòt aplikasyon nou te resevwa anvan yo. Lè nou fin detèmine si w kalifye oswa si w pa kalifye pou jwenn sipò finansye CSOC pou kan dete a, PerformCare ap voye yon notifikasyon alekri sou desizyon an bay fanmi an ak kan an nan lespas 30 jou. Nou pral voye avi yo apre 1^{ye} desanm 2025 ak 1^{ye} mas 2026. Fanmi an oswa moun k ap pran swen timoun nan dwe bay kan an yon kopi lèt notifikasyon sou apwobasyon an apre li resevwa li.

Ki depans CSOC pa kouvari?

Sipò finansye CSOC pou peye ekolaj la pou kan dete apa kouvari depans sa yo:

- Kòb kan an mande pou anrejistre timoun nan oswa depo garanti a
- Depans ki fèt pou transpò pou ale nan kan an e pou retounen lakay
- Vizit ki fèt diferan kote pandan jèn nan patisipe nan kan an
- Jou ak montan siplemantè anplis maksimòm ki otorize a
- Jou kote timoun nan te absan nan kan an ak/oswa kote li pa t la pou resevwa sèvis èd pèsonèl

Gen kèk kan ki mande pou fanmi an oswa moun k ap pran swen timoun nan peye pou tout depans yo alavans. Nan ka sa a, kan an gen pou l ranbouse fanmi an apre li voye yon demann ranbousman epi li jwenn peman l lan. Pwosesis sa a kòmanse apre peryòd timou nan pase nan kan an fini. CSOC pa responsab pou nenpòt ranbousman kan yo pwomèt.

Pati B — Sèvis èd pèsonèl

ATANSYON: Etandone genyen yon gwo demann pou èd pèsonèl pou timoun ki prale nan kan pou de dènye semèn mwa out la, CSOC pa kapab garanti l ap ka satisfè tout demann yo. **Li enpòtan pou ou aplike pou èd pèsonèl la osito sa posib si w panse ptit ou a pral bezwen sipò sa a.**

K. Èske mwen kapab mande yon èd/defansè pèsonèl?

Si kan CSOC ki kalifye ou chwazi a detèmine ptit ou a pral bezwen asistans nan men yon èd (defansè) pèsonèl pou l patisipe nan pwogram li a, w ap gen pou ranpli pati B (aplikasyon pou jwenn sèvis èd pèsonèl) nan aplikasyon pou sèvis kan dete CSOC a.

Sèvis kan dete CSOC — Kesyon moun konn poze souvan

Ou menm ak kan an dwe ranpli rezime konpòtman adaptatif timoun nan (Child Adaptive Behavior Summary, CABS) ansanm nan pati B nan aplikasyon an pou aplike pou sèvis èd pèsonèl yo. Kan an dwe kenbe yon kopi CABS nou te ranpli ansanm nan.

Se kan an ak paran an oswa moun k ap pran swen timoun nan ki dwe pran desizyon pou mande sèvis èd pèsonèl yo ansanm. Sèvis èd pèsonèl yo disponib pou kan CSOC kote moun pase lajounen sèlman ki kalifye yo ak konpayi ki bay sesyon ARS ki kalifye yo.

Demann èd pèsonèl la disponib sèlman nan jou kote ou mande yon sipò finansye pou kan an. Sipò finansye pou sèvis èd pèsonèl yo pa garanti. Se èd pèsonèl CSOC ki kalifye sèlman ou kapab mande. W ap jwenn lis konpayi ki ka voye èd pèsonèl ki kalifye sou sit Entènèt PerformCare a: <http://www.performcarenj.org/summercamp>.

Si paran an/moun k ap pran swen timoun nan mande yon èd pèsonèl, li dwe rankontre avèk kan CSOC ki kalifye a pou ranpli CABS la. **Li pi bon si CABS la ranpli pandan pwosesis anrejistreman nan kan an epi li pi bon tou pou remèt yon kopi avèk konpayi ki pral voye èd pèsonèl ki kalifye a pou li kapab gen ase tan pou li anboche yon èd pèsonèl k ap kapab satisfè bezwen jèn nan.**

K. Kisa rezime konpòtman adaptatif timoun nan (Child Adaptive Behavior Summary, CABS) ye?

CABS la se yon zouti ki la pou jwenn enfòmasyon sou fonksyònman pitit ou a pandan twa dènye mwa ki sot pase yo. Li ta dwe esplike konpòtman pitit ou a nan aktivite li conn fè lè li lakay li, nan lekòl la ak nan kominate a, depi sa posib. Li ta dwe montre ki enpak andikap pitit ou a genyen sou lavi chak jou a, ni pou pitit ou a ni pou paran an/moun k ap pran swen l lan.

Epitou, se pou nou remèt yon kopi CABS ki ranpli a bay ajans ki pral bay èd pèsonèl la paske li esplike ki enpak andikap timoun nan genyen sou lavi chak jou a, ni pou timoun nan ni pou moun k ap pran swen l lan, epi sa pral pèmèt ajans lan chwazi yon èd ki adapte ak bezwen pitit ou a.

Se pou ou konnen n ap itilize CABS la pou tout jèn ki poko gen 21 lane ki prale nan yon kan dete CSOC kote moun pase lajounen sèlman ki kalifye oswa nan yon pwogram sesyon Iwazi altènatif e ki mande sèvis èd pèsonèl.

K. Èske yon jèn ki enskri nan yon òganizasyon jesyon swen (care management organization, CMO) kalifye pou l jwenn èd pou patisipe nan yon kan?

Yon jèn ki kalifye pou l jwenn sèvis pou moun ki gen andikap devlòpmantal e ki enskri nan yon CMO kalifye pou sèvis kan dete yo. Se pou ou voye yon aplikasyon bay PerformCare pou mande yon sipò finansye pou peye ekolaj la pou kan dete a epi/oswa pou mande yon èd pèsonèl.

Se pou ou voye aplikasyon sou papye ki ranpli a pa lapòs bay:

PerformCare

ATTN: Summer Camp Services
300 Horizon Drive, Suite 306
Robbinsville, NJ 08691-1919

Anplikasyon an dwe tembre oswa nou dwe resevwa li nan dat 30 jan 2026 pou pi ta. N ap voye yon notifikasyon sou rezulta aplikasyon w lan pou sèvis kan dete yo apre 1^{re} desanm 2025 ak 1^{re} mas 2026.

Si w gen lòt kesyon sou sèvis kan dete yo, tanpri rele PerformCare nan 1-877-652-7624.